# O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisi jani’ndag’i’ Ma’mleketlik yemes kommerciyali’q yemes sho’lkemlerdi ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ basqa institutlari’n qollap-quwatlaw Ja’miyetlik qori’ «Qorshag’an wortali’qti’ qorg’awda, ta’biyg’i’y resurslardan aqi

Betti PDF ta'rizde ju'klep ali'w (57 Kb) Versiyasi' Betti doc ta'rizde ju'klep ali'w (57 KB)

**MA’MLEKETLIK GRANT BERIW UShI’N TAN’LAW JA’RIYaLAYDI’**

Tan’lawda ma’mleketlik dizimnen wo’tken puqarali’q ja’miyeti institutlari’ni’n’ to’mendegi maqsetlerden kelip shi’qqan joybarlari’ qabi’l yetiledi:

1. Qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw salasi’nda yelimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an sho’lkemlestiriwshilik-huqi’qi’y ilajlar haqqi’nda xali’qti’n’ xabardarli’g’i’n ta’miyinlew, wori’nlardag’i’ pisip jetilisken ekologiyali’q mashqalalardi’ sheshiwde puqaralardi’n’ belsendiligin artti’ri’w.

2. «Ekologiyali’q qadag’alaw haqqi’nda»g’i’ O’zbekistan Respublikasi’ ni’zami’ni’n’ mazmun-ma’nisi ha’m usi’ ni’zam normalari’ni’n’ wori’nlarda saqlani’wi’ haqqi’nda ken’ ja’miyetshilikti xabardar yetiw.

3. Xali’qti’n’ ekologiyali’q ha’m medicinali’q ma’deniyati’n artti’ri’w, a’sirese, jaslar arasi’nda salamat turmi’s ta’rizin u’git-na’siyatlaw salasi’nda MKSh jumi’si’n ja’ne ja’miyetlik sho’lkemler ta’repinen ekologiyali’q qadag’alawdi’ a’melge asi’ri’w a’meliyati’ni’n’ G’XQ  da ken’ sa’wleleniwin ta’miyinlew.

4. Ken’ ko’lemli ma’limleme-tu’sindiriw jumi’slari’n ali’p bari’w ha’m ja’miyetlik ekologiyali’q qadag’alawdi’ a’melge asi’ri’w arqali’ qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw ha’m ta’biyg’i’y resurlardan aqi’lg’a ug’ras paydalani’w salasi’nda ni’zamshi’li’q talaplari’ buzi’li’wi’ni’n’ aldi’n ali’w.

5. Qorshag’an wortali’qti’ qorg’awdi’ ku’sheytiw, xali’qti’n’ salamatli’g’i’na unamsi’z ta’sirinin’ aldi’n ali’w, salamat a’wladti’ ta’rbiyalaw ha’m ja’miyette salamat turmi’s ta’rizin ken’ yen jaydi’ri’w ushi’n za’ru’r sharayatlardi’ qa’liplestiriw.

6. Aymaqlardi’ abadanlasti’ri’w ha’m ko’klemzarlasti’ri’w, shembilikler, ha’r qi’yli’ ilajlar ja’ne akciyalar wo’tkeriw arqali’ ma’ha’llelerdegi sanitariyali’q-ekologiyali’q jag’daydi’ jaqsi’law salasi’nda xali’qti’n’ ja’ma’a’tlik belsendiligin artti’ri’w.

7. Ko’shelerdin’ ha’m turaq jay massivlerinin’ si’rtqi’ ko’rinisin,  sanitariyali’q jag’dayi’n jaqsi’law, abadanlasti’ri’w ha’m ko’klemzarlasti’ri’w boyi’nsha wazi’ypalardi’ wori’nlawda puqaralardi’n’ wo’zin-o’zi basqari’w uyi’mlari’ni’n’ a’hmiyetin ja’ne rolin artti’ri’w.

8. Qorshag’an wortali’qti’ qorg’aw, ta’biyg’i’y resurslardan aqi’lg’a ug’ras paydalani’w, ja’miyetlik ekologiyali’q qadag’alawdi’ ta’miyinlewge qarati’lg’an ilajlardi’ a’melge asi’ri’wda puqaralardi’n’ wo’zin-o’zi basqari’w uyi’mlari’ni’n’ belsendiligin ku’sheytiw.

9. Ekologiyali’q taza ha’m resursti’ u’nemleytug’i’n texnologiyalardi’ yengiziw yesabi’nan ta’biyg’i’y resurslardan aqi’lg’a ug’ras paydalani’wdi’ ta’miyinlew ja’ne qayta tikleniwshi ekologiyali’q taza alternativali’ energiya da’reklerin yengiziw.

10. Qorshag’an wortali’qti’n’ pataslani’w da’rejesin azayti’w, wo’ndirislik ha’m xojali’q jumi’si’ shi’g’i’ndi’lari’ menen qorshag’an wortali’qti’n’ pataslani’wi’ni’n’ aldi’n ali’w, turmi’sli’q shi’g’i’ndi’lardi’ qayta islew boyi’nsha texnologiyalardi’ yengiziw.

11. Ekologiyali’q apatshi’li’q – Aralboyi’ ha’m yelimizdin’ basqa ekologiyali’q jaqtan qolaysi’z aymaqlari’nda ekologiyali’q jag’daydi’ qayta tiklew ha’m salamatlandi’ri’w.

12. Ekologiyali’q bilimlendiriwdi rawajlandi’ri’wg’a, ekologiyali’q bilimlerdi u’git-na’siyatlawg’a, puqaralardi’n’ ekologiyali’q ma’deniyati’n artti’ri’wg’a, ekologiyali’q mashqalalardi’ sheshiwge xali’qti’n’ ha’r qi’yli’ qatlamlari’n ken’nen tarti’w.

Tan’lawda qatnasi’w ushi’n to’mendegi hu’jjetler usi’ni’li’wi’ lazi’m:

1. Arza usi’ni’li’p ati’rg’anli’g’i’ haqqi’nda MKSh sho’lkemi basli’g’i’ni’n’ qoli’ ha’m mo’ri menen tasti’yi’qlang’an usi’ni’s xati’.

2. www.fundngo.uz sayti’nda jaylasti’ri’lg’an u’lgide jazi’lg’an grant joybari’ (arzasi’).

3. Sho’lkemnin’ ma’mleketlik dizimnen wo’tkenligi haqqi’ndag’i’ gu’wali’g’i’ni’n’ nusqasi’.

4. Reje nusqasi’ (son’g’i’ wo’zgerisler ha’m qosi’mshalar) sho’lkemnin’ mo’ri menen tasti’yi’qlang’an.

5. Yeger joybar licenziyalanatug’i’n jumi’sti’ talap yetse, licenziyani’n’ nusqasi’.

6. Bul joybardi’ qollap-quwatlaw boyi’nsha ma’pdar ma’mleketlik ha’m ja’miyetlik sho’lkemlerdin’ usi’ni’si’ ha’m xati’ qosi’msha yetiliwi mu’mkin.

Bir joybar ushi’n aji’rati’latug’i’n grant mug’dari’ – 25 million sumg’a shekem.

Hu’jjetler 2015-ji’ldi’n’ 15-iyuninen 15-iyuline shekem qabi’l yetiledi.

Hu’jjetler «O’zbekistan pochtasi’» arqali’ mo’r basi’lg’an konvertte (A-4 format): Tashkent qalasi’, 100035, «Bunyodkor» gu’zari’, 1-jayda jaylasqan «O’zbekistan Respublikasi’ Oliy Majlisi jani’ndag’i’ MKSh ha’m puqarali’q ja’miyetinin’ basqa institutlari’n qollap-quwatlaw Ja’miyetlik qori’» ati’na jiberiliwi sha’rt.

Tan’lawda qatnasi’w sha’rtleri ha’m tan’law hu’jjetlerinin’ u’lgileri menen Ja’miyetlik qordi’n’ ra’smiy www.fundngo.uz veb-sayti’nda tani’si’w

mu’mkin.

Mag’li’wmat ushi’n telefonlar: (0-371)239-26-76,  239-26-64

Sa'ne: 17.06.2015 10:43, ma'rte ko'rip shi'g'i'ldi'